

## BAB I

### BUBUKA

#### 1.1 Kasang Tukang

Basa mangrupa cicirén bangsa, basa mangrupa kedaling rasa. Kitu babasan nu aya di lingkungan urang Sunda, tapi sipatna umum, *universal*. Hartina di lingkungan bangsa deungeun ogé jigana sarua. Lamun basana leungit, nya meureun éta bangsa téh geus leungiteun salah sahiji ciri tina kabudayaan anu kacida pentingna (urang saréréa apal yén basa téh mangrupa bagian tina kabudayaan).

Basa tangtuna waé kudu aya dina kahirupan manusa. Sabab basa mangrupakeun alat komunikasi antar masarakat. Basa miboga fungsi nu penting sabab basa mangrupa alat pikeun interaksi jeung komunikasi dina kelompok sosial. Basa mangrupa pakakas anu kawilang penting dina kahirupan manusa, bisa kasawang kumaha balukarna mun manusa dina hirup kumbuhna henteu dibarengan ku basa tangtuna bakal aya hambatan dina ngalakukeun prosés komunikasina. Kitu deui masarakat Sunda, miboga basa indung nya éta basa Sunda.

Basa Sunda salaku basa urang Sunda, kacida pentingna pikeun kalumangsungan hirup kumbuhna masarakat Sunda. Tegesna mah basa Sunda mangrupa salah sahiji ébréhan sifat masarakat Sunda.

Basa Sunda masih kénéh dipiara jeung dipaké ku para panyaturna dina sagala widang, kitu deui di lingkungan sakola. Dimana lingkungan sakola téh

mangrupakeun sarana anu husus keur tempat diajar masarakat keur nambahan jeung nyiar élmu. Dina hal ieu di sakola gé tangtuna pasti ngajarkeun kumaha kaparigelan jeung kamampuh basa anu bener utamana basa Sunda.

Kamampuh basa mangrupa kaparigelan basa anu ngawengku kana opat komponén nya éta, kaparigelan nyarita, kaparigelan maca, kaparigelan nulis jeung kaparigelan ngaregepkeun. Ngaliwatan opat komponén éta, manusa bisa ngalakukeun komunikasi sarta interaksi jeung manusa sejenna. Kitu deui dina pangajaran anu miboga tujuan sangkan murid ngawasa opat komponén kaparigelan basa. Salah sahiji komponén basa nu kudu dimekarkeun nya éta nyarita. Nyarita mangrupa salah sahiji kaparigelan basa nu dipaké pikeun komunikasi sacara langsung, lantaran dina proses komunikasi sapopoé tangtuna waé urang teu leupas tinu ngarana nyarita. Ku kituna dina kamampuh nyarita téh kudu dilatih, malah mah kudu aya métode atawa cara sangkan kamampuh nyarita hiji jalma bisa dimekarkeun sangkan leuwih hadé. Dina nyarita aya sababaraha hal nu kudu diperhatikeun di antarana cara nyarita, nada nyarita, wirahma, lentong, lafal, ekspresi, jrrd. Nalika prosés nyarita lumangsung tangtuna waé hal-hal di luhur kudu diperhatikeun, lantaran hadé goréngna prosés nyarita bisa diajén tina kamampuh urang dina ngawasa aspék-aspék éta. Tapi teu sakabéh siswa bisa nyarita alatan aya sababaraha masalah atawa hal-hal séjén nu bisa jadi bangbaluh dina prosés nyarita.

Pangajaran dina enas-enasna mangrupa komunikasi dua arah antara guru jeung murid, boh langsung boh teu langsung. Dina lumangsungna prosés komunikasi éta tangtu kudu aya téhnik atawa métode sangkan komunikasi antara

guru jeung murid bisa leuwih éféktif, guru bisa ngondisikeun lingkungan diajar siswa anu daria sangkan bisa ngaronjatkeun minat, kahayang siswa dina diajar sarta siswa miboga sikep, motivasi aktip pikeun ilubiung dina prosés diajar-ngajar.

Dina prosés diajar-ngajar, tangtu waé guru kudu miboga stratégi sangkan siswa bisa diajar kalawan éféktif jeung éfisién tur ngahontal tujuan pangajaran. Salila ngalaksanakeun kompetensi pédagogik, guru diperedih pikeun ngabogaan kamampuh sacara métodologis dina hal ngarencanakeun jeung ngalaksanakeun kagiatan pangajaran. Salah sahiji léngkah pikeun miboga éta stratégi nya éta ku cara ngawasa kana téhnik-téhnik penyajian atawa biasa disebut métode pangajaran. Masalahna teu kabéh guru parigel dina nangtukeun téknik atawa métode naon anu cocog digunakeun dina kagiatan diajar-ngajar.

Métode *sugestopedia* nekenkeun kana kumaha cara guru dina ngaronjatkeun kamampuh siswana, ngaliwatan sugésti-sugésti anu hadé tur suasana kelas anu merenah. Métode *sugestopedia* ieu mangrupa salah sahiji métode atawa cara nu aya alatan pangabutuh tur dianggap bakal bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa hususna dina nyarita. Ku kituna, ngaliwatan métode *sugestopedia* ieu siswa dimotivasi tur dibéré sugésti-sugésti hadé, dirilekskeun pikiranna, batinna ditenangkeun, suasana kelasna ogé dijieun merenah, bari dipirig ku sora-sora musik instruméntal sangkan ngawangun suasana. Ti dinya dipiharep siswa bakal jadi leuwih wani, boga motivasi, tur bisa ngéléhkeun sagala rasa anu matak ngahambat kana prosés nyarita.

Ningal kana kaayaan ayeuna barudak geus hésé dina nyarita utamana nyarita maké basa Sunda. Dina hal ieu kaparigelan anu baris dironjatkeun téh nya éta kaparigelan Nyarita anu aya dina SKKD SMA Kelas XI Semester 2. Kaparigelan nu dimaksud nya éta nyarita dongéng (ngadongéng) di mana barudak ayeuna hususna SMA hararésé saupama nyaritakeun dongéng alatan can apal aspék-aspék naon waé nu kudu diperhatikeun nalika nyarita dongéng. Sok sanajan geus apal kana aspék-aspékna ogé siswa kurang bisa ngamekarkeun atawa ngembangkeun kamampuh nyaritana, utamana nyarita dongéng.

Dumasar kana kondisi di luhur, panalungtikan anu judulna “*Métode Sugestopedia pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nyarita Dongéng Siswa SMA Kelas XI (Studi Kuasi Eksperimen di Kelas XI SMA Pasundan 1 Bandung Taun Pangajaran 2011/2012)*” perlu dilaksanakeun.

## **1.2 Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Masalah dina ieu panalungtikan nya éta kamampuh siswa SMA kelas XI dina nyarita dongéng (ngadongéng), jeung cara ngajarkeun atawa nepikeun pangajaran nyarita dongéng (ngadongéng) ngagunakeun métode *sugestopedia*.

Sangkan teu lega teuing, ieu panalungtikan diwatesanan saukur ngukur kamampuh nyarita dongéng (ngadongéng) ngagunakeun métode *sugestopedia* kalayan watesan aspék ngadongéng nu ditalungtik jeung di peunteun nya éta: lafal, lentong, dina maké basa nu éféktif tur komunikatif, pamahaman eusi, sistematika eusi, pidangan bahan.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Kegiatan pangajaran bisa ditarékahan ku cara maké média atawa métode pangajaran anu bisa mangaruhan kana hasil diajar siswa sarta bisa ngondisikeun sikep jeung motivasi siswa sangkan daria dina diajar, sabab daria henteuna siswa dina diajar téh salah sahijina ditangtukeun ku alternatif modél atawa métode pangajaran anu dipaké jeung dimekarkeun ku guru.

Dumasar kana kasang tukang nu dipedar di luhur, panalungtik baris ngarumuskeun masalah, di antarana :

- 1) Naha métode *Sugestopedia* bisa ngaronjatkeun kamampuh nyarita dongéng (ngadongéng)?
- 2) Kumaha kamampuh nyarita dongéng (ngadongéng) siswa kelas XI SMA Pasundan 1 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun métode *Sugestopedia* ?
- 3) Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh nyarita dongéng siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun métode *Sugestopedia* ?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan tujuanna pikeun mikanyaho jeung nguji métode *sugestopedia* dina ngaronjatkeun kamampuh nyarita dongéng (ngadongéng).

### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan khusus dina ieu panalungtikan, nya éta pikeun ngadéskripsikeun:



- 1) Ngaronjatna kamampuh siswa kelas XI SMA Pasundan 1 Bandung dina pangajaran nyarita dongéng ngagunakeun *Métode Sugestopedia*.
- 2) Hasil kamampuh siswa dina pangajaran nyarita dongéng (ngadongéng) saméméh jeung sabada ngagunakeun *métode sugestopedia*.
- 3) Signifikan henteuna kamampuh siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun *métode Sugestopedia*.

#### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

##### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan *métode-métode* pangajaran hususna nu bisa dilarapkeun dina pangajaran nyarita dongéng (ngadongéng), umumna kana pangajaran basa Sunda.

##### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna:

###### **1) Pikeun Guru**

Dipiharep panalungtikan ieu bisa méré référénsi anu mangpaat pikeun nangtukeun jeung netepkeun *métode*, modél pangajaran anu anyar dina kagiatan diajar ngajar.

###### **2) Pikeun Siswa**

Pikeun siswa, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngabantuan siswa dina nungkulan kahéngkérangan-kahéngkérangan dina nyarita, utamana nyarita dongéng sangkan bisa leuwih hadé tur leuwih bisa ngeksprésikeun sacara maksimal.

### 3) Pikeun Panalungtik

Panalungtikan ieu di piharep bisa dijadikeun pangalaman keur nu nalungtik sangkan engkéna bisa leuwih kréatif jeung inovatif tur leuwih wani dina ngalakukeun panalungtikan-panalungtikan satuluyna.

## 1.5 Sistematika Penulisan

Dina penulisan karya ilmiah tangtuna waé kudu ngaruntuy sacara sistematis, tah kukituna sistematika penulisan nu dipaké dina ieu skripsi saperti kieu.

### BAB I Bubuka

Di mana ieu bab téh ngadadarkeun perkara kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan jeung mangpaat panalungtikan, jeung sistematika tulisan.

### BAB II Kajian Tiori/Rangkay Tiori

Nu jadi kajian jeung rangkay tiori dina ieu skripsi nya éta métode *sugestopedia*, nyarita, jeung dongéng. Di mana di dieu dibahas tiori-tiori ti mimiti wangenan, léngkah-léngkah, ciri-ciri jrrd. Anu aya pakaitna jeung pedaran-pedaran di luhur.

### BAB III Métode Panalungtikan

Eusina ngeunaan léngkah-léngkah panalungtikan timimiti desain panalungtikan, métode panalungtikan, variabel jeung wangenan operasional, instrumén panalungtikan, populasi jeung sampel, jeung nu pamungkas téhnik panalungtikan.

#### BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Analisis Data.

Eusina ngeunaan penjabaran jeung déskripsi tina hasil panalungtikan, analisis data hasil panalungtikan.

#### BAB V Kacindekkan jeung Saran

Eusina ngeunaan kacindekkan tina sakabéh pedaran hasil panalungtikan. Salian ti éta, aya saran anu ditepikeun ka nu maca.

Tangtu waé, lian ti babagian di luhur aya ogé babagian panglengkep séjénna. Boh bagian di awal boh di ahir saperti pangjajap, daftar eusi, daftar pustaka, jeung lampiran.

